Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 38 (7387)
11 Сентябрь 2019 сон
АрбагӀ
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Районалъул активалъул данделъи



10 сентябралда райадминистрациялъул конференц-залалда букӀана районалъул активалъул данделъи. Гьенир гӀахьаллъана муниципалитеталъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов, районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, бетӀерасул зам. М. ХӀамзатов, районалъул рагъулав комиссар Ш. МухӀамадов, кумекчи ГӀ-ХӀ. ГӀумаров, росабазул бутӀрул, учреждениял – организациязул нухмалъулел ва цогидалги.

Къойил темаялда аслияб суаллъун букӀана республикаялъул экологиялъул марафоналъул рамкаялда жаниб Рихьуни лъим цӀунулеб хӀор бацӀадго чӀезабиялъул.

ГӀ. НурмухӀамадовас бихьизабухъе: «Гьеб ккола тӀолгорахъал гъорлъе рачараб акция. Гьеб къоялъ РДялъул Правительствоялъул вакилзабазул делегацияги бачӀине бегьула гьанибе». Нухмалъулес кӀвар буссинабуна гьеб тадбиралъе гӀадамалги техникаги чӀезабизе кколин. Районалъе кумекалъе кьолел руго 2 мусор баччулел машинаби, 50 волонтер, хӀажатаб инвентарь (пакетал, перчаткаби).

Гьанибго жавабиязе кьуна тӀадкъаялги; гӀолилазулгун хӀалтӀи гьабулеб отделалъе – А. МухӀастанов – гӀураб къадаралда лодкаби чӀезаризе мусор бакӀариялъе, ЖКХялъул отделалъе – А. ГӀабдулхаликъовасе ва росабазул бутӀрузе – техника чӀезабизе, Унсоколо райбольницаялъе – ГӀ. МухӀамадовалъе – хехаб кумек аскӀоб чӀезабизе, ГО ЧСалъе – М. ГӀабдулаевасе – хвасар гьарулел чӀезаризе. ГӀадамал ракӀариялъул иш тӀадкъана учреждениязул нухмалъулезда. Гьенибго бихьизабуна лъел хӀорил рагӀалда хӀалтӀабазда лъимал гӀахьаллъизе гьечӀин, росабалъ гурони,- абун.

Гьеб гуребги росдал магӀишаталъул отделалда тӀад къана кванил иш гӀуцӀи. гьедин субботник тӀадегӀанаб жавабчилъиялда гӀуцӀизе ахӀана бетӀерас киналго.

КӀиабилеб суал букӀана регионалияб оператор «Лидер» ТКО ОООялъ къвакӀараб мусор бакӀариялъул. Кин гьеб хӀалтӀи гӀуцӀизе бугебали бицана «Лидер» регионалияб оператооралъул централияб бутӀаялъул генералияв директорасул зам. ГӀ. ХӀажимухӀамадовас. Гьелъие байбихьуда хӀажалъула росабазул администрацияз мусоралъе площадкаби хӀадури ва гьеб хъулухъ тӀубазабиялъе гӀарац бакӀари. ХӀалтӀи бачиналъе бутӀруз дандчӀваял гьарун, гьабулеб ишалъе хасал планалги гьарун, хӀалтӀи гӀуцӀизе жавабиязе кьуна 1 анкь.

Терроризмалъул идеология кьолболъанго тӀагӀинабизин

## ЧӀвадарухъанлъиялъулаб политика хӀажат гьечӀо!



10 сентябралда Шамильхъалаялъул гӀадатазул ва культураялъул централда терроризмалде данде къеркьеялъул Къоялъул хӀурматалда тӀобитӀана ракӀалде щвеялъул тадбир. Гьенир гӀахьаллъана цӀалдохъаби, лъай кьеялъул хӀалтӀухъаби, хӀурматиял гьалбал. Гьезда гьоркьов вукӀана мугӀрул округалъул вакил М. Камиловги. Росабазул 200гӀан цӀалдохъан, жамагӀатчагӀи данделъун рукӀана гьенире терроризмалъул къурбанал ракӀалде щвезаризе.

Тадбир рагьана ва бачана культуралъул отделалъул начальник ГӀ. ГӀабдулаевас. Байбихьуда кӀалъана муниципалитеталъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов. Гьес абуна: «Жакъа ракӀалде щвезарулел руго хӀехьезе бегьулареб гӀазаб-гӀакъубаялде гъоркье ккарал терроризмаялъул къурбанал. Гьез жидерго гӀумро кьуна хъулухъалъулаб ва чилъиялъулаб налъи тӀубазабулаго, цӀунана нилъер хӀалхьи. Жакъа гӀодобе биччараб гӀумроялда тӀегьалеб буго нилъер район. Хасаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьезие киналъухъго. Амма жеги букӀине ккола нилъер цӀодорлъи. Жакъа аслияб ярагъ чиясул буго цӀодорлъи, цолъи, кинабго лъазе бичӀчӀизе тӀалаб гьаби».

Гьединго кӀалъана М. Камилов, районалъул имам Гъ. Абакаров. Щивав кӀалъазе вахъарас ахӀана гӀумроялъеги гӀадамазеги балагьаб терроризмалъул идеологиялде данде къеркьезе.

Хадуб намус бацӀцӀадго бакӀазда хӀалтӀи гӀуцӀаразе ва заманаялъ районалда ругел Северо-кавказалъулгин цолъараб Россиялъул МВДялъул подразделениязул жанисел ишазул къукъабазе кьуна Баркалаялъул Кагътал. ЦӀалдохъабаз рихьизаруна терроризмалде данде чӀарал церерахъинал. Унсоколо № 1-2 школазул цӀалдохъабаз рихьизарурал литературиял композицияз кӀудияб асар гьабуна балагьаразе.



**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 38 (7387)
11 Сентябрь 2019 сон



Араб анкьалда райадминистрациялда данделъи букIана къвакIарал коммуналиял нахъчIварал жалазулгун хIалтIи гIуцIиялда хурхун. Гьелъул жавабияв А. ГIалигIумаровас бихьизабуна регионалияб операторалъ районалда хIалтIи гьаби байбихьизе бугин бачIунеб итни къоялдаса нахъе, гьеб хIалтIи кватIизабуразе гIадлуги гьабизе бугин. КIвар буссинабуна гьеб ишалъе гIарац бакIариялде.

# Терроризмалде данде

Дагъал церегIан къоязда терроризмалде данде цолъиялъул рамкаялда жаниб районалда унел рукIана гIемерал тадбирал. Школазда, ясли-ахакь тIоритIана тIолгошколазул линейкаби, конкурсал, классалъул сагIтал ва рагъарал дарсал.

3 сентябралда тIолалго лъай кьеялъул учреждениязда тIобитIана республикаялъул цогояб дарс. Гьеб унеб букIана «Экстремизму-нет!», - абураб темаялда, бухьараб букIана терроризмалде данде къеркьеялъул Къоялда. Гьенир гIахьаллъана общественниял хIаракатчагIи, рагъул ишазул ветеранал, ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъаби.

Лъималазда бицана Россиялда гьабсагIаталда терроризмалда хурхун бугеб хIалалъул, гьелъул къагIидабазул, бижиялъе гIиллабазул, дандечIеялъул. Дарсазда хIалтIизабуна документалияб хроника, гьел рукIана цIакъго рагIарал терактазул хIакъалъулъ. Бицана терроризм, теракт рагIабазул хIакъалъулъ.




Лъимал гьираялда гIахьаллъана диспуталда, терроризмалда хурхун жидерго пикру бицана гьез, гьаруна хIасилал.

Гьединго терроризмалде данде цолъиялъул Къоялъ кIвар кьечIого течIо библиотекаялъул, культуриябгун рекIелгъеялъул бакIазда тарбия кьеялъе гьабулеб хIалтIи. Гьедин централияб библиотекаялда, гьелъул филиалазда унел рукIана гьеб балагьаб къоялда хурхарал тадбирал. Гьенир рукIана «Беслан ракIалде щвезабиялъе», «Планетаялъул унти ва къварилъи»,-абурал тадбирал. Росабалъ ана «Нижеда ракIалда буго мун, «Беслан», «Нилъ цо планетаялъул гIадамал руго», «Терроризмалъул къурбанал», «Лъидаго кIочонареб балагь», «Лъимал терроризмалде данде», «Терроризм – инсанияталъе хIинкъи» ва гь. ц.

# АЗСазул бетIергьабазул данделъи



Араб анкьалда районалъзул администрациялъул данделъабазул залалда букIана районалде кколел автозаправочниял станциязул бетIергьабазул данделъи. Гьеб гьабуна цебеккунго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас кьураб тIадкъаялда рекъон. Данделъиялда гIахьаллъана бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал М. ХIамзатов, ГI-М. МухIамадов, РДялъул № 10 ФСНалъул МРИялъул начальникасул зам. Р. ГIусманов, бетIерасул кумкекчи ГI-ХI. ГIумаров, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, «Служба ЖКХ» МКУялъул специалист ГI. МухIамадов.

Къойил темаялда букIана АЗСазул гьабураб халгьаби, хъварал захIматалъулал къотIаби, гьез щивав хIалтIухъанасдаса росарал страховиял взносал, НДФлал. Гьеб суалалдасан данделъаразда цеве неформалияб занятость гIодобе ккезабиялъул мурадалда кIалъана Р. ГIусманов. Гьенибго данделъиялда районалъул территориялда ругел бизнесчагIазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул, гьезда законниял рахъал рицарал кIалъаял гьаруна. Гьедин районалда хIалтIулеб буго 13 хъвай-хъвагIай гьабураб АЗС.

Имамасул асирал

# Имаматалда моцIал рарав Илико Орбелианил ракIалде щвей

…Нижер къайиялда аскIор хъаравулзабиги тун, гьез ниж рачана (Гъазигъумекир хъулухъ гьабулел рукIарал дунги, Апшеро-налъул лъелаб полкалъул цо подполковникги, цо прапорщикги) Шамилихъе. Гьев жанив чIараб минаялда цебе гIемераб халкъ бакIарун букIана. Ниж гIагарлъидал, гьеб руккелалъ кIудияб гьаракьалдалъун ахIана:

– Насраниязул болъонал рачун рачIунел руго! – ян. Гьел рагIабазда цадахъ нижеда хьамиги рагIулеб букIана. Гьедин къабул гьариялъул хIасил лъикIаб букIунареблъи якъинаб букIана. Ниж рачIиналъул баян Шамилихъе щвезабун хадуб ниж рокъоре рачана, гьениса къватIиве чIаго ворчIилилан хиялцин букIинчIо дир. Сверухъ валагьана дун: ахирисеб нухалда бакъуде ва дир кини кIикIарал рикIкIадал мугIрузде бер щвезабизе бокьун букIана. Бурундук-хъалаялда лъалхъараб бакIалда диргун къо-мех лъикI гьабулаго, гьудулзабаз дида абун букIана:

– Георгийил хъанч босичIого, тIадвуссунге,– ян. ГьабсагIат гьел рагIаби ракIалде рачIана дида. «У, – абун пикру гьабуна дица, хъанч цоясул каранда бала, цогидасда хъанч хабада чIвала, дие гьезул цонигияб щвеларо!» – Ва лъачIого тIуркIана дун. Шамилида цере Шамилил муридзабаз цIураб гIезегIан кIудияб рокъоре рачана ниж; хадур рачана цогидаб рокъоре, гьенив гьев живгоги вугоан, жиндирго рагъухъабазда ва гъазигъумекдерил хIурматиял вакилзабазда гьорлъ. Гьесдаса кваранидехун ва квегIидехун гIодор чIун рукIана наибзаби: КъебедмухIаммад, гIандадерил къади, Къарахъа ГIабдурахIман-дибир ва хиянатчи ХIажи-агъа, Гъазигъумекдерил кверщелчиясул вац (Шамиль Гъазигъумекиве ахIана гьес). Шамилида нахъа, гьединго нуцIбузда аскIор ва цогидаб рокъор рахъун чIун рукIана гьесул муридзаби (150-гIан чи), киналго рокьукъал, жанаваразул гIадал гьурмалгун, лъалиниса рахъарал хвалчабигун ва хунжрулгун, тIасиялде гIанкIваби рахинарурал тунчулгун ва тункIалгун. Лезгинал берцинал чагIи гьечIо; гIалхулаб, хъачIаб гьумер сунцаниги тамах гьабуларо, гьелъ чиясул ракI тIаде цIаларо; гьединлъидалги жеги цебе рехун бихьулеб букIана гьезул цевехъанасул, Шамилил сипат. Гьайбатаб, къамартIаб, хъахIаб гьумер, гьваридаб гIакълу ва рухIияб къуват рихьизарулел хъахIилал яги цIахIилал берал; хъахIал цаби цере рехулеб гьимиялъ гьесул рекIел лъикIлъиялъул бицунеб букIана, багIараб хинаялъ белъараб мегежги гьесда рекъон бугоан. Гьоркьохъелдаса халатаб черхги букIана гьесул, гъункараб, гьайбатаб; гьединго гьесул букIана чIагояб ва бихьинчияб вагъа-вакари



ва гьесухъ ралагьидал, гьесул 35 сон бугилан кколеб букIана, хIакъикъаталдайин абуни гьев гIезегIан кIудияб ригьалъул чи кколаан. ТIоцеве дида гьев вихьарабго, гьесда букIана лъикIаб ретIел ва ярагъ, гьеб киналъго гьесул бихьинчияб къо-асс жеги борхизабулеб, тIадегIан гьабулеб букIана. Гьесул ботIрода букIана багIараб ххамил гьабураб ва хъахIаб чалма къараб чергес тIагъур. Гьединго гьесда ретIун букIана багIараб ххамил чухъа, чухъида рукIана гIарцул гьарурал патронал лъолел жал, гъажибетIералда бан букIана хвалчен, рачлихъ ран рукIана ханжар ва кIиго таманча. Гьединав вуго Шамил.

– Гьале Имамул-АгIзам! – абун щурана нижеда муридзабаз, Шамилихъе нижги рачунаго. Гьев нижехъ валагьана хиси гьечIеб жиндирго гьимигун, амма цоиги рагIи абулеб букIинчIо гьес. Халатаб руцIцIунчIеялъ ва сверун бакIарараб руккелалъул кинабго жо лъазе бокьарал бераз чIамучIлъизарурав дица абуна:

– Шамиль! Нижерго борч тIубалаго, ниж асирлъуде росана ва духъе ккана; гьанже ниж дур кверщаликь руго. Щиб дуе бокьун бугеб? Нижеда щиб гьабизе дуда ракIалда бугеб? Нижер къисматалъе хIукму къотIе, лъазабе нижеда щиб нижехъ балагьун чIун бугебали: хвел, асирлъи яги эркенлъи? Гьединабго калам гьабуна прапорщикасги.

– Болжал щварабго лъазе буго нужеда дир хIукму, – ян абуна Шамилица нижеда.

– ГьабсагIат дир заман гьечIо,– йиланги абун, гьес квер хьвагIана ва ниж нахъе рачеян ва цогидаб рокъор тIамеян буюрана. ХIакъикъаталдаги, гьесухъе рачIине рукIана ГIахъушиса ва ЦIадахIариса балъгоял вакилзаби; гьелда тIадеги, гьоркьлъалие аманатал тIаса рищизе кколаан, гьединго цIияб ракьалда шаригIат ва тIарикъат тIиритIизаризе хIажатал амраби гьаризе кколаан гьес.

**Таржама гьабуна**
**ГIизудинил ХIамзатица**

# Лъимал сакъатлъунгутIизе



Араб анкьалда районалъул администрациялда дандчIвай букIана районалъул бетIерасул зам М. ХIамзатовасулги районалда нухазда хъаравуллъи чIезабиялъул рахъалдасан ОМВДялдасан цIи тIамун вачIарав госинспектор Муслим Аминовасулги.

ДандчIваялда гIахьаллъана М. Аминовасул вакил Россиялъул ОМВДялъул ОГИБДДялъул начальник Р. Мусавузов. ГIахьалчагIаз бицана районалда лъималазе нухазда сакъатлъи ккеялъул бугеб хIалалъул ,цадахъ хIалтIун гьаризесел тадбиразул.

# Иса Нурмагомедов поздравил с победой Х. Нурмагомедова



**«Уважаемый Хабиб Абдулманапович!**
**От имени работников администрации, депутатов районного Собрания, Общественной палаты, от всех жителей Унцукульского района и лично от себя сердечно поздравляю Вас с безоговорочной победой.**

Благодаря таким спортсменам как Вы сложились хорошие спортивные традиции, и с каждым годом все больше людей, особенно молодежи, проявляет интерес к занятиям спортом, сохраняя и укрепляя здоровье, совершенствуя свой физический потенциал.

Особую признательность хочется выразить Вашему отцу и тренеру Абдулманапу Магомедовичу, который не только привил своему сыну любовь к занятию спортом, но и воспитал истинного горца с высокими моральными устоями.

От всей души желаем вам крепкого здоровья, добра, любви и радости в семьях, спортивного долголетия, оптимизма и новых побед!»

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

Напомним, что 7 сентября Хабиб Нурмагомедов в третьем раунде досрочно одержал победу над Дастином Порье на площадке The Arena в Абу-Даби. Это не единственная победа нашего земляка. У Хабиба Нурмагомедова прекрасная профессиональная спортивная карьера, и на сегодняшний день он играет решающее значение в исходах поединков в восьмиугольнике на турнирах абсолютного бойцовского чемпионата (UFC). По состоянию на январь 2019 года занимает третью строчку официального рейтинга UFC среди лучших бойцов независимо от весовой категории.



# Извещение

**Уважаемые жители района !**

**В республике завершена работа по кадастровой оценке объектов капитального строительства, земель сельхозназначения и населенных пунктов.**
**Налог на землю и имущество с 2020 года будут начисляться исходя из этой кадастровой стоимости. В связи с этим рекомендуем собственникам земельных участков, объектов капитального строительства обратить внимание на это извещение и пользоваться предоставленным правом.**

**Извещение о размещении промежуточных отчетных документов по государственной кадастровой оценке**

Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан извещает о том, что на сайте Росреестра (**rosreestr.ru**) в фонде данных государственной кадастровой оценки, а также на сайте Государственного бюджетного учреждения Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (ГБУ РД «Дагтехкадастр») (**дагбти.рф**) в разделе «Кадастровая оценка» размещены промежуточные отчетные документы по государственной кадастровой оценке объектов капитального строительства, земель сельскохозяйственного назначения, населенных пунктов, расположенных на территории Республики Дагестан.

В период **с 03.09.2019 г. по 22.10.2019 г.** все заинтересованные лица (граждане, индивидуальные предприниматели, юридические лица, органы местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан, исполнительные органы государственной власти Российской Федерации, а также Республики Дагестан) могут представить свои замечания к промежуточным отчетным документам.

Замечания к промежуточным отчетным документам могут быть представлены в Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (ГБУ РД «Дагтехкадастр») лично, почтовым отправлением или с использованием сети «Интернет» (367000, г. Махачкала, ул. Абубакарова, 18, электронный адрес: zgko@dagbti.com), а также в ГАУ РД «Многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан» и территориальных отделах лично.

Не подлежат рассмотрению замечания к промежуточным отчетным документам, не соответствующие требованиям, установленным статьей 14 Федерального закона от 03.07.2016 № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке».

# Д. Шамсудинов: «Быть финансистом - это просчитывать каждый шаг наперед» (Ко Дню финансиста)




**«Защита финансов — это защита жизненной силы существования государства» (Канкрин).**
**А за «защиту финансов» в полной мере ответственны работники финансовых органов. Именно они – финансисты, отмечают сегодня, 8 сентября, свой профессиональный праздник — День финансиста, учреждённый Указом Президента РФ от 19 августа 2011 года №1101.**
**Дата для празднования была выбрана в связи с тем, что 8 сентября 1802 года император Александр I своим манифестом образовал в России Министерство финансов.**

В настоящее время в финансовой системе России работают высококвалифицированные специалисты, ответственные и компетентные, которые способны решать самые сложные задачи.

Одним из таких специалистов является Джамал Шамсудинов – новоназначенный начальник отдела финансов администрации МО «Унцукульский район».

Накануне своего профессионального праздника в беседе Джамал Шамсудинов отзывчиво ответил нам на несколько вопросов.

**- Джамал Шамсудинов, для начала расскажите немного о себе.**

- 1998 году я окончив Ирганайскую среднюю школу, поступил МФЭК по специальности «Банковское дело» По окончанию первого курса, для получения опыта я устроился бухгалтером экономистом. В последующие годы поступил в Дагестанский государственный технический университет и в Институт управления и бизнеса на заочную форму обучения. Основную свою трудовую деятельность я начал с 2004 года в Республиканском центре субсидии, где поработал от ведущего специалиста до начальника отдела контроля и поверок МО. В феврале 2016 года переехав в район, я устроился инспектором Контрольно- счетной палаты Унцукульского района, где в декабре 2016 года был избран председателем Контрольно- счетной палаты района. А с июля месяца текущего года нахожусь на должности начальника отдела финансов.

**- Как вас принял коллектив?**

- Коллектив меня принял приветливо, потому как наша работа и ранее была взаимосвязанной, возникавшие финансовые проблемы мы часто решали совместно и найти общий язык было легко.

**- Скажите, у вас раньше был опыт руководящей должности?**

- Да, опыт имелся, так, как и раньше на республиканском уровне был назначен начальником отдела контроля и проверок, и несколько лет был избран председателем Контрольно- счетной палаты района.

**- Вы скорее начальник или в более близких отношениях с подчиненными?**

- Хороший руководитель - часть коллектива, и я стараюсь работать по этому принципу. Читая разные книги менеджмента, я для себя понял, что жесткое управление результативно в краткосрочной перспективе. Мне ничто не мешает быть доброжелательным и требовательным и одновременно, проявлять доверие и этим завоевать доверие коллектива.

**- Как вы отметили вы любите читать. Помимо чтения, еще какие у вас интересы?**

Однозначно спорт неотъемлемая часть моей жизни.
Футбол, волейбол, плаванье, так же я большой любитель горного трекинга.

**- Вам сложно принимать такие перемены в своей жизни? Изменения в работе привлекли за собой изменения в личной жизни?**

- Я быстро адаптируюсь и потому мне не составило особого труда влиться в рабочий процесс финансового органа. А касаемо личной жизни, то не посредственно тяготы возникли, так как не остаётся практически времени на своих близких людей и на семью.

**- Всем кажется, что финотдел - один из самых привлекательных отделов в администрации. Какова на самом деле работа в отделе? С какими трудностями сталкиваются ваши работники?**

- Несомненно, всегда, там, где есть, деньги людям кажется интересно. У многих такой стереотип. Да, со стороны, конечно, кажется привлекательным быть финансистом. Финансист – интересная, респектабельная работа, но не легкая и очень рискованная. На нем всегда лежит колоссальный груз ответственности. Финансист занимается крупными суммами денег, значит, должен обладать высоким уровнем честности. Представитель финансовой системы должен быть внимательным, должен знать экономическую ситуацию в стране, разбираться в законодательстве, уметь анализировать поступающую информацию,

**Продолжение на 4 стр.**

## Ко Дню финансиста (продолжение)

кроме того, должен обладать стратегическим мышлением, любить цифры. Требуется постоянное развитие и самосовершенствование. И самое главное финансист должен просчитывать каждый свой шаг, ведь любая ошибка, может привести к серьезным денежным потерям.

Трудности, с которыми сталкивается финансист – это еще успеть все сделать вовремя и никакой личной жизни, так как должно быть все сделано вовремя.

**- Какие цели ставит перед вами руководитель района? Что вы скажете о главе администрации?**

- Руководитель района и начальник отдела финансов это две должности, которые каждодневно в тесном сотрудничестве. Иса Магомедович харизматичный и целеустремлённый человек, который тратит всю свою энергию и умение на благо нашего района. И для меня он как наставник который всегда поддержит и наставит.

**- Специфика вашей прежней работы довольно отличается от нынешней. Столкнулись ли с вы какими-нибудь трудностями?**

- На предыдущих должностях я был человеком, если перевести допустим на строительный язык, человеком который прихожу на завершенный объект с целью лишь проверки, все ли правильно сделано. А финансистом я должен быть специалистом в каждом моменте и в отдельно взятом вопросе.

И хочу сказать, что смена работы всегда принесет немного трудностей, но коллектив с первого дня помог мне, своей слаженной работой, вникнуть практически во все рабочие моменты.

**- Какие планы у вас на новом рабочем месте в первую очередь?**

- В первую очередь эффективность и прозрачность бюджета. А далее я поставил перед собой задачу привлечь в район больше инвестиций, больше субсидий. И в последующие годы тоже буду стараться работать во благо района.

**- Удачи и легкой работы вам на новом месте. Поздравляю вас с вашим профессиональным праздником. И большое спасибо за интересную беседу.**

- И вам спасибо. Я тоже в свою очередь хочу от нашего коллектива и от себя лично поздравить всех коллег финансистов и пожелать им здоровья, счастья, новых успешных проектов и профицитного бюджета. С праздником вас!

**Автор: Р.Кебедмагомедова**

# Лъинал ва нухал къачIаялъе

Дагъал церегIан къоязда Унсоколо росулъе бачIун букIана общественнияб хъаравуллъиялъул рахъалъ инвестиционнияб проект гIумроялде бахъинабиялда тIад хIалтIулеб группа. Гьелъул цIар буго «Мой Дагестан – моя вода» - абун. Группаялъул координатор, Халкъияб Собраниялъул депутат Анна Безруковаги йикIана гьелгун Райадминистрациялда букIана гьезулгун дандчIвай. Аслияб къагIидалъ группаялъул пикру буссинабуна Унсоколо росулъе гьаб соналда лъим бачиналъул хIалтIаби тIуразариялда хурхун гьаризесел тадбиразде. Объектазде гьел рачана росдал бетIер XI. ГIабдулаевас, цадахъ рукIана РДялъул



цадахъ. Гьединго группаялде гьоркьоре унаан РДялъул Правительствоялъул председателасул гIакълучи М. Мазаков, РДялъул Минком развитиялъул инвестициязул Управлениялъул бетIерав специалист XI. МухIамадов, лъим чIезабиялъул рахъалъ специалист XI. Нажмудинов, РДялъул ГКУялъул бакIал раялъул объектазул инженериялъул ва инфраструктураялъул отделалъул начальникасул зам. Къ. Жамалов. Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, районалъул архитектор XI-М. ГIабдурахIманов, районалъул бетIерасул кумекчи Г. ГIумаров, жамгIияб палатаялъул пред. М. МухIамадов ва жамагIатчагIиги.

ГIахьалчагIаз бицана хIалтIулаб группаялда цере чIарал масъалабазул, батIи-батIиял къагIидаби ратун гьарулел хIалтIаби учузго чIезариялъул. Росдал гIадамаз цебе лъуна нухал къачIаялъул суалги.

# Нусго сон базегIан кIудияв гIезе

*(Ункъго балъголъи)*

**Санал ранагIан нилъер шура-хъури гIадат хIисабалда гIодобе ккола, гьеб ккола чиясул бищун кIудияб гъалатI. РачIа сахаб гIумро гьабизин!)**

Нусго проценталъ ракIчIараб хIалкIолъи бугеб гIумро халат гьабизе кIолеб таблетка, паста гIалимзабаз бахъун гьечIо. Амма херлъи бачIин халат бахъинабулел препаратал цIех-рехчагIаз хIайваназда тIад хIалбихьиги гьабун, гьез пайда кьезе бегьи бихьизабулеб буго. ГIадамазулгун гьарулел гьединал ишал захIматал руго, гьезулгун гьабулелъул хайир букIин гIезегIан санал ун хадуб гурони бихьуларелъул. Фарпромалъул церетIеязул гуро жакъа бицунеб бугеб, халатаб гIумро букIиналъе хIалтIизаризе бегьулел гIадатиял къагIидабазда тIадчIей гьабизе бокьун буго дие жакъа.

**1. Чакаралдаса инкар гьабе**

Чакар ккола гьуинаб загьру. Кванилъе чакар жубани, цIикIкIуна калорий, нилъ цIикIкIун кванала, гьелъ биччала кинабго хвезабулеб рахас: цIикIкIуна бидулъ глюкоза ва инсулин, гьелъ тIаде кьаралъи бахинабула, киса-кибего тIомода гъоркь ва черхалда жаниб.

Хадусеб рахас ккола; хроническияб къагIидаялъ бидурихьал воспалить гьарула ва унтабазул букет лъугьуна. Сундасаго цебе лъугьуна рекIелгун бидурихьазул унти ва кIиабилеб типалъул диабет. Гьединго цIакъго цIикIкIараб чакар заралияб буго гIадалзул нахуе, бидулъ глюкоза цIикIкIун бугони гIадалзул нахул санал раялъулаб атрофия хехго цебетIола. Чакар нормаялда хIалтIизабулеб бугони гIадалзул нахул херлъи бигьа-го уна.

**2. ГIумро халалъиялъул витаминал**

Щивниги гIажаиблъиларо витамин С гIадаб гьитIинабго жо кванилъ гьечIони цинга лъугьунин абуни. Лъималазул Д витамин гIолеб гьечIони лъугьуна рахит. Цогидал витаминазул ва микроэлементазул нилъеда цIакъго дагьго лъала.

**Магний**. Гьеб гIураб къадаралда бугони, дагьлъула инсульт, рекIел гIунгутIаби, диабет ккеялъе бугеб хIинкъи. КIурщун яги гIетI бан магний хехго уна чорхолъа, гьединлъидал щибаб къойил гьеб чорхолъе бачIинабизеги ккола. (Бихьиназе сордо-къоялъе 350 мг. хIажалъула, руччабазе 150 мг.)

**Хром**. Гьеб микроэлемен обмен веществаялъе хIаракатаб гIахьалчи ккола. Гьеб цадахъ хIалтIула инсулингун, кумек гьабула глюкоза бигьинабизе. Хром гIолеб гьечIони нилъ гьуинлъиялде дагьго цIала. Къойил норма ккола 150 мг.

Хромги магнийги гIемер буго цIулакьодулъ, гречкаялъулъ, пшеницаялъулъ, тIулалъ, багIаргьалилъ, картошкадулъ, брокколиялъулъ, кьер бугеб ва хъахIаб капустаялъулъ, кьарияб ралъдал ччугIилъ.

**Б группаялъул витаминал**

Витамин В1 (тиалин) гIолеб гьечIони, цIикIкIуна аппетит ва бахуна тIаде гьан.

Витамин В6 жаваб кьола иммунитеталъул, белокалъулаб рекъе-решей рукIалиде ккезабула. Санал ун хадур кIвар кьечIого тани тIаса гьан бортун черх гьитIинлъула. Гьединлъидал ччорбазул гIолохъанлъи цIуниялъе гIицIго тренировка гьабураб гIоларо, хадуб хал кквезе ккола В6 витамин чорхолъ гIураб къадаралда букIинабиялде.

**КIвар бугеб буго В12 чорхолъ букIинги**

Хехго ццим бахъунеб бугищ, загIиплъи, свакай бугищ? Хал гьабизе ккола В12 чорхолъ бугеб куцалъул. Гьеб витамин гIемер буго гречкаялъулъ, тIулалъ, ччугIилъ, цойгидал ралъдал продуктабазулъ, тIогьилаб ханилъ.

**3. Физзарядка**

У, чIалгIана гIемер физическияб шура-хъури букIине кколин аби. Амма, кин батаниги гиподинамия – гьеб ккола хехго херлъиялъе аслияб гIилла. Шура-хъури гIолеб гьечIолъиялъ ккола гIемераб унта-щокълъи. Масала, остеопороз. Гьеб добегIан цуйзе кIола хасал упражнениял гьаруни.

ЦIакъго къуват кьун гьаризе кколаро гьел, чанго минуталъул шура-хъуриялъцин лъикIлъизабула ччорбазул ва ракьа-макъаралъул хIал. ГIалимзабаз лъикIаб лъун бихьизабулеб буго кардионагрузкаби гьари, масала, рилъанхъи, бигьа гьарун рекери, лъедей, гантелалъ гьарулел къокъал упражнениял. Гьелъ заман дагьаб уна, хIасил лъикIаб кьола.

Санал ранагIан гIодобе ккола нилъер шура-хъури, гьеб ккола нилъер бищун кIудияб гIунгутIиги. Дагьа-макъабго зарядка гьабуниги гьоркьоб къотIизе течIого гIумроялъго гьелъ черхалъе кIудияб чIаголъи кьола.

**4. Макъу**

Макъилгун захIмалъаби рукIин жакъасев чиясул гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гуро. КIодолъидал нилъ хехго рорчIула, дагь кьижула, макъу щоларо рукIуна гIолохъанаб заманалде дандеккун. Гьеб абуни лъикI гьечIо.

Макъу гIунгутIиялъ хIинкъи цIикIкIараб буго гипертониялъул, рекIел приступазул, инсульт, диабеталъул. Гьедин бугони къокълъула гIумро. Сундасаго цебе рукIалиде ккезабизе ккола макъу. Макъу щолел препаратал ккола гьелъие хIажаталлъун. Амма гьеб кколаро кинабго рахъ тIубайлъун, гIемерал побочниял эффектал рукIиналъ, гьезул цояб ккола гьелде ругьунлъи.

Сомнологаз бихьизабулеб буго бищунго гIадатиялдасан байбихьизе; къасде рорчIуд чIей те, кьижизе рега ва рахъа цо ккураб заманаялъ, кьижилалде цере балагьуге телевизоралъухъ ва гаджеталъухъ. Гьеб хIажалъула макъил гормон мелатонин бижиялъе. ТIаме санагIатаб бусен, рокъоб чIезабе гьогьоми, сихIкьотIи, спальнялда бецIлъи., гьеб гIола гIодобе биччараб макъуялъе.

**Ирина НЕВИННАЯ.**


Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 10. 09. 19 г. 16:25 фактически -16:45 мин.
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.